

Nimewo 4.3

D E K R È E G Z E K I T I F

Kontinye Deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz mank nan pèsònèl pou swen sante nan Eta New York

KONSIDERE KE, gen mank pèsònèl nan lopital ak lòt sant swen sante epi sa ta dwe kontinye;

KONSIDERE KE, gwo mank pèsònèl nan lopital yo ak lòt sant swen sante yo ta dwe afekte kapasite pou kontinye bay swen enpòtan ak pou byen sèvi popilasyon vilnerab yo;

KONSIDERE KE, gen yon nesese imedyà ak enpòtan pou konplete kantite pèsònèl la pou asire sant swen sante yo kapab bay swen;

KIDONK KOUNYE A, Mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfye mwen, avèk dokiman sa a, pwolonje eta dijans akòz katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 la, jan sa kontinye nan Dekrè Egzekitif 4.2 an, epi kontinye kenbe anvigè tè, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4, 4.1 ak 4.2 yo jiska 25 janvyè 2022.

ANPLIS DE SA, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesese pou fè fas a katastwòf la, oswa si sa nesese pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat 25 janvyè 2022, sa ki annapre yo:

- Seksyon 2824(7)(c) nan Lwa sou Sante Piblik la otorize etablisman swen sante yo, nan limit ki nesese, pou kontinye anplwaye teknisyen chiriji ki pa t reponn ak règ minimòm pou teknisyen chiriji yo de zan apre kòmansman travay oswa kontra pou egzekisyon teknoloji chiriji.

F È T sou siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan

vennsizyèm jou mwa desanm ane de mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a